

## Dosye Akademik

Ou ka jwenn dosye akademik nan nenpòt lekòl moun ki gen posiblite pou gade timoun lan frekante. Paran yo dwe kontakte lekòl yo dirèkteman pou plis enstriksyon sou kijan pou yo jwenn enfòmasyon sa a ak nenpòt ki frè yo ta gen pou peye.

Selon Iwa federal ki rele Dwa Fanmi Konsènan Edikasyon ak Pwoteksyon Enfòmasyon Prive a (Family Education Rights and Privacy Act) yo ka pataje dosye akademik yon moun sèlman apre moun sa a siyen yon pèmisyon alekri. Pèmisyon an dwe presize ki dosye pou yo pataje a, poukisa y ap pataje yo, epi ak kiyè yo ka pataje dosye yo.

## Dosye Istwa Kredi

Ou ka mande rapò dosye kredi moun ki gen posiblite pou gade timoun lan nan ajans rapè dosye kredi prive. Paran k ap chèche enfòmasyon sa yo ta dwe kontakte yon ajans rapò istwa kredi pou plis enstriksyon sou kijan pou yo jwenn enfòmasyon sa a ak nenpòt ki frè yo ta gen pou peye.

Tout demann pou istwa kredi dwe respekte Lwa Federal Konsènan Rapò sou Kredi a (Federal Credit Reporting Act).

Biwo pou Sèvis Timoun ak Fanmi Eta New York (New York Office of Children and Family Services) ankouraje paran yo pran san yo ak tan yo pou evalye tout moun ki ge posibilité pou pran swen timoun yo byen anvan yo mete pitit yo nan men yo. Dosye yo nou dekri nan tiliv sa a ka ede ak evalyasyon sa a.

Pou plis jwenn enfòmasyon konsènan gadri nan Eta New York, tanpri ale sou sit entènèt nou an:

**ocfs.ny.gov**



**Office of Children  
and Family Services**

### Capital View Office Park

52 Washington Street  
Rensselaer, NY 12144

Ale sou sitwèb nou nan:  
**ocfs.ny.gov**

Pou enfòmasyon konsènan fanmi dakèy ak adopsyon, rele:  
**1-800-345-KIDS (5437)**

Pou pote plent konsènan gadri, rele:  
**1-800-732-5207**

Pou pote plent konsènan abi ak negligians timoun, rele:  
**1-800-342-3720**

Pou enfòmasyon sou Lwa Konsènan Pwoteksyon Tibebe yo Abandone (Abandoned Infant Protection Act), rele:  
**1-866-505-SAFE (7233)**

Pou enfòmasyon konsènan sèvis pou moun ki avèg, rele:  
**1-866-871-3000**

*“... pou ankouraje sekirite, pèmanans, ak byennèt pitit nou yo, fanmi nou yo ak kominote nou yo ...”*

Selon Lwa Anfavè Ameriken ak Andikap la (Americans with Disabilities Act), Biwo pou Sèvis Timoun ak Sèvis Fanmi Eta New York ap mete dokiman sa a disponib nan yon fòma ki apwopriye depi yon moun mande.

Pub. 4628-HC (Rev. 05/2018)



**Office of Children  
and Family Services**

**Èske w ap chèche yon  
Moun pou Gadri nan  
Kay?**

# Lwa Kieran an (Kieran's Law)



***Li ka ede ou pran yon  
desizyon enfòme.***

# Sa Ou Bezwèn Konnen!

Yo te mete Lwa Kieran an an plas nan dat 27 oktòb 1998, pou pèmèt paran ak responsab legal timoun yo jwenn aksè nan enfòmasyon sou kazyé jiridik Eta New York konsènan moun y ap konsidere bay travay pou okipe timoun nan kay. Lwa Kieran an se sèlman pou moun k ap bay swen (tankou nounous, moun k ap bebisit) ki t ap okipe timoun nan lakay li pandan 15 èdtan oswa plis pa semèn.

Lwa a pèmèt paran yo, ak konsantman volontè moun ki gen posiblite pou gade timoun lan, pou voye anprent moun ki gen posiblite pou gade timounyo bay Divizyon Sèvis Jistics Kriminèl Eta New York (New York State Division of Criminal Justice Services, DCJS). DCJS ap chèche dosye li yo pou fè yon verifikasyon dosye kriminèl.

Apre yo fin fè verifikasyon an, y ap mete paran yo okouran nenpòt kondanasyon kriminèl nan Eta New York pou yo ka pran yon desizyon enfòme parapò ak kalifikasyon ak konpetans moun ki gen posiblite pou gade timoun lan.

Paran yo pral gen pou peye yon frè \$75 pou chak verifikasyon kazyé jidisyè DCJS fè. Frè sa a ka pi ba selon sitiyasyon finansyè paran yo ak kapasite yo pou yo peye.

Si ou bezwen yon verifikasyon dosye kriminèl pou yon moun ki gen posiblite pou gade pítit ou, ekri DCJS epi mande fòm Demann pou Chèche Dosye Istwa Kriminèl (**DCJS-3249**) ak yon anprent. W ap bezwen ekri:

**New York State Division of  
Criminal Justice Services**  
**Criminal History Record Search Unit**  
**80 South Swan St., Albany, NY 12210**  
oswa rele:  
**(518) 485-7675 oswa (518) 457-9847**  
Pou Panyòl, rele **(518) 485-0962**

Enfòmasyon sou kazyé jidisyè yo jwenn nan DCJS selon Lwa Kieran an konfidansyèl. Se yon krim deli Kategori A lè yon moun pataje oswa re-pataje enfòmasyon sa yo, epi li ka ale nan prizon pou jiska yon (1) ane.

Paran ki jwenn enfòmasyon kazyé jidisyè nan men DCJS epi ki anboche 10 oswa plis moun nan nenpòt kapasite dwe konnen Seksyon 752 nan Lwa Koreksyon (Correction Law) an ka limite otorite yon moun pou refize anboche yon moun selon yon kondanasyon kriminèl lè gen yon relasyon dirèk ant kondanasyon kriminèl la ak moun ki gen posiblite pou gade timoun nan.

## Lòt Enfòmasyon ki Disponib

Ou ka jwenn lòt enfòmasyon dosye ki ka ede ou pran yon desizyon enfòme sou kalifikasyon yon moun ki gen posiblite pou gade pítit ou a. Enfòmasyon sa yo gen ladan yo, dosye nan Depatman Veyikil-a-Motè Eta New York (Department of Motor Vehicles, DMV), dosye akademik, ak enfòmasyon sou istwa kredi li.

## Dosye Depatman Veyikil-a-Motè

Selon Lwa Federal Konsènan Pwoteksyon Enfòmasyon Prive Chofè a (Federal Driver's Privacy Protection Act, 1994), ou ka jwenn yon kopi dosye chofè moun ki gen posiblite pou gade timoun lan si paran an gen konsantman alekri (preferableman youn ki notarye) moun ki gen posiblite pou gade timoun lan, oswa si rezon pou jwenn enfòmasyon an tonbe sou "rezon yo otorize pou itilize li".

## Depatman Dosye Machin Kontinye

Yo ka pèmèt li selon sikontans ki pèmèt paran yo jwenn aksè nan dosye moun nan san konsantman li.

Pou yon paran ka jwenn dosye yon moun ki gen posiblite pou gade pítit li kòm chofè, moun ki gen posiblite pou gade timoun nan dwe bay yon konsantman alekri ak fòm **MV-15GC** Konsantman Jeneral pou Pataje Enfòmasyon Pèsonèl (General Consent for Release of Personal Information). Apre yo bay konsantman notarye a, paran an ka jwenn "dosye chofè tout vi" moun ki gen posiblite pou gade timoun lan lè li ranpli fòm Depatman Veyikil-a-Motè **MV-15**, Demann pou Dosye Sètifye DMV (Request for Certified DMV Records).

Toude fòm yo disponib sou entènèt la:

**MV15GC** nan

<https://dmv.ny.gov/forms/mv15gc.pdf>  
ak **MV-15** nan

<https://dmv.ny.gov/forms/mv15.pdf>

DMV ap bay non, adrès, dat nesans, sèks, wotè, koulè je, dat ekspirasyon lisans chofè, nenpòt kondanasyon ki gen rapò ak alkòl moun nan te gen nan 10 zan ki sot pase yo, ak nenpòt kondanasyon ki gen rapò ak sikilasyon moun nan te gen nan kat (4) lane ki sot pase yo.

Si ou ale nan yon biwo DMV, yo ka travay sou dosye chofè moun ki gen posiblite pou gade timoun lan menm jou a.